

Pwosesis Lwa Marchman / The Marchman Act

(Lwa Hal S. Marchman Pou Sèvis Abi Alkòl ak Lòt Dwòg 1993)

Kòmanse an 1970 jiska 1993, Florida te genyen de lwa (Chapit 396 ak 397) pou kontwole diferan eleman abi ak depandans dwòg ak alkòl. Paske anpil moun ki gen pwoblèm ak depandans abize plis pase yon sèl dwòg, ansyen lejislatè Eta Florida Steven Wise te ekri yon lwa ki mete tou de lwa sa yo ansanm pou abòde zafè entène moun san volonte ak avèk volonte ansanm ak entansyon lejislatè yo yon fason klè. Yo te rekonèt Reveran Hal Marchman pou gwo travay li te fè nan goumen pou sèvis pou moun k ap abize dwòg ak alkòl lè lwa a te resevwa non li.

Moun k ap fè petisyon pou evalyasyon san volonte ak stabilizasyon nan non majè a dwe yon madanm, mari, fanmi, titè, direktè (oswa yon moun k ap aji pou direktè) yon ajans otorize, yon doktè prive oswa twa majè. Moun k ap depoze petisyon an (yo) dwe te wè pwoblèm dwòg defandè (moun yo di ki gen pwoblèm nan) ak de gress je yo epi yo dwe depoze petisyon an nan biwo Grefye Tribunal nan konte kote defandè an rete. Si defandè a se yon minè, se yon paran, titè legal, gad legal, oswa yon ajans sèvis otorize ki pou ranpli petisyon an.

Kou petisyon an fin ranpli, grefye a ap transfere petisyon an nan tribunal la. Nan ka kote genyen yon defandè minè, yon lòd pou nome yon avoka pou minè a prale devan jij la menm lè yo transfere petisyon pou evalyasyon san volonte nan tribunal la. Si defandè a se yon majè, tribunal la ap deside (selon petisyon an) si l ap apwopriye pou nome yon avoka pou defandè a. Si jij la pase yon lòd, grefye a ap rele moun k ap fè petisyon an pou vin pran lòd la, epi apresa y ap pote li nan biwo cherif la pou pote li bay defandè a oswa nan ka yon minè, bay paran, titè oswa gad legal li - moun k ap fè petisyon an pa gen dwa pou pote lòd la li menm epi pri sèvis la se karann (\$40) dola epi li dwe peye li ak lajan kach, chèk sètifye oswa kat kredi.

Y ap bay defandè majè oswa titè defandè majè oswa nan ka yon minè paran, titè, gad ak avoka titè minè a yon kopi petisyon an ak avi a (tribinal la bay ak yon dat pou jijman an fèt avan dis jou).

¹ Epi tou tribinal la kapab, selon petisyon an, pase yon lòd pou egzije lapolis al pran defandè a epi mennen li nan yon ajans sèvis otorize.

Tribinal la ap koute temwayaj ki gen pou wè ak ka a nan jijman nou mansyone pi wo a epi amwenske tribinal la kwè prezans defandè a t ap yon mal pou li, defandè a dwe prezan. Apre tribinal la fin koute tout evidans, tribinal la ap deside si gen yon rezon pou kwè defandè a ranpli kondisyon pou yo entène li san volonte. Si, a nenpòt moman apre yo fin entène li san volonte, ajans sèvis otorize a kwè defandè a pa ranpli kondisyon pou tretman san volonte ankò, ajans la kapab lage defandè a epi li dwe fè tout moun tribinal la egzije konnen sa.

¹ Depatman Fanmi ak Timoun Florida (2003), Manyèl Lwa Marchman 2003 nou te pran li sou
<http://www.dcf.state.fl.us/programs/samh/SubstanceAbuse/marchman/marchmanacthand03p.pdf>
Language : Haitian Creole